# nit ñi gën a tar mbugal fa Yàlla ëllëg bis-pénc ñooy ñiy roy bindub Yàlla bi

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa ñëw ci man fekk ma muure sama kamoot bu ndaw ab moorso bu am ay nataalu yu am ruu, ba mu ko gisee kanam gi soppiku, mu ne ma: "yaw Aysatu,nit ñi gën a tar mbugal fa Yàlla ëllëg bis-pénc ñooy ñiy roy bindub Yàlla bi" Aysatu nee na: "ma dagg ko def ko ñegenaay walla ñaari ñegenaay".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa dugg ci néegu Aysatu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- fekk mu muure kamootam bu ndaw bu muy def ay jumtukaay ab moorso bu am ay nataal yu am ruu, melow kanam gi soppiku ngir mer ngir Yàlla mu bif ko, daal di ne ko: Nit ñi gën a tar mbugal ëllëg bis-pénc ñooy ñiy royci seen i nataal bindub Yàlla bi. Aysatu wax ne : ma def ko benn ñegenaay walla ñaari ñegenaay.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee